9.- XAMXAMU BITI

Na ngeen def, manla Muse Angel maangi tudd Angel Abos, damaleena bëgg wax lan mooy xamxamu biti (sciences naturelles) muy wàll woo xamné war ngeen ko jàŋg ci biir ñetti ati njàŋg mu warmi.

Dinaa leen jëkk wax lan mooy njariñu xamxamu biti minga xamni mooy xalaat jëmëla ci lépp lu nekk ci addina si te doomu aadamabi defaruko. Su ma paree ma waxleen lan mooko taxa jóg, tegci waxleen lan ngeen ciy jàŋge ak waxleen itam liggeeyu laboratwaar. Kon book njariñam rëy na lool, moo'k lépp lu melna moom.

Maa ngileen di xamalni njariñu gëstu am mbir ngir xamko dina nekk njariñ lu rëy ñeel kikoy jàŋg. Mën naa wax ni ci jamano bii ñuy dund gëstu juumtukaay lu mënulañàkk la ngir ñu xam na suñu adddina leegibi di doxe ci suñu biir askan.

Ludemeniki suñu dundin, suñu wérgiyaram ak juumtukaay yi ñu suufsi di jox ak jaww ji ñu wër.

Wóorna ni gëstu ak xam dafa wara bookk ci yoonu dundinu askan wi. Gëstu yoonu dundinla, niñuko mënë xame bisbu jot ci xibaaru tele yi ak ëttu yeglekaay yi.

Mbirum gëstumi ci linekk ci addina bi te nit defukofi dinañu ko jàŋgalé ci diiru ñeenti at yi. Ci at mu njëkk mi ak atum ñaareelbi dañuy gëstu jëmëlé ci ñeent. Bu jëkk bi mooy fisik di gëstu jëmëlé ci macceer ak limu ëmb. Bu ñaareelbi mooy simi di gëstu nekkteefyi ak liñu lambo. Ñetteel bi mooy xamxamu dund (biologie) di gëstu lépp luy dund. Ñeenteelbi mooy xamxamu xeeryi (geologie) di gëstu li nekk ci si kaw ak ci biir suuf.

Ci ñettelu atmi wàll woowu dañu koy xaaj ñaar, boole biologie ak geologie ci benn xaajbi, ci ñaareelbi ñu boole fisik ak simi. Ci ñetteelu at mi tamit noonu lay deme.

Ci ñeenteelu atmi jàŋg ko du fors, te it at moomu ci la jàŋg mi di gënë jafe

Ngir ñu jeexal ñingi fi ci benn laboratwaar, muy fi juumtukaay yi ñiy defe gëstuyi nekk. Fii, eleew yi dañuy jëfëndikoo mikroskop ngir gis bubaax ay mbir yu ndaw yoo xamni bëtu kese duko gis. Dañuy jéema monte ligënë tuuti ci ADN di liy waral doom di niroo'k ay waajuram, ñukoy defe ak ay fiisu kulëër yuñu yore fi, ñingi xool itam ay xeer ak ay suuf dileen jéema kalaase ak itam di monte yaxi doomu aadama ak xol bi ak yeneen yimu àndal.

ELEEW: dinañu jëfëndikoo mikroskop ngir xool ay cér. Fimu tollu nii sama dendandoo bi mingi xool deret ci mikroskop. Buñu ko xoolee ba pare dañuy tëŋk liñu gis ci benn kayit.